

urban advantage

science initiative

Gid pou fanmi

2020-2021

urbanadvantagenyc.org

Yon bon opòtinite pou fè eksplorasyon syans avèk ptit ou a nan zoo, mize, jaden botanik ak akwaryòm Vil Nouyòk gratis.



Chè fanmi Urban Advantage,

Konpliman! Lekòl pitit ou a ap patisipe nan Urban Advantage- yon inisyativ syans enteresan nan lekòl. Se yon bon opòtinite pou pitit ou a fè eksperyans enstitisyon kiltirèl ki gen anpil aktivite syans ak patisipe nan eksperyans syans andeyò lekòl la. Ansanm avèk pitit ou a, tout fanmi an ap gen opòtinite pou apresye mize, zoo, jaden botanik ak Akwaryòm NY Aquarium. Tiliv sa a dekri pwogram lan epi li eksplike kòman fanmi ka pran avantaj antre GRATIS nan nenpòt nan uit nan enstitisyon kiltirèl ki plen avèk aktivite syans sa yo.

Kisa Urban Advantage ye?

Urban Advantage se yon pwogram ki nan tout Vil la pou sipòte edikasyon syans ak rechèch syans. Urban Advantage konekte lekòl, pwofesè, elèv ak fanmi avèk plezi pou dekouvri fè syantifik ak konesans ki fèt nan uit enstitisyon kiltirèl byen renome pou aktivite syans.

Anplis antre gratis Urban Advantage ofri pou elèv ak fanmi yo, prepare pwofesè syans pou itilize resous mize, zoo, jaden botanik ak akwaryòm Vil Nouyòk pou fè rechèch syans, epi nou founi lekòl k ap patisipe yo ekipman ak materyèl pou ede elèv kontinye pwojè yo nan salklas ak lakay.

Pandan n ap navege epidemi COVID-19 lan

Urban Advantage ak enstitisyon patnè l yo angaje pou pwoteje sante ak sekirite patisipan nou yo. Patnè UA yo ap travay avèk lekòl tankou pa w la pou devlope opòtinite aprantisaj adistans ki baze sou syans pou elèv ak manm fanmi yo. Lekòl ak fanmi ka pwofite eksperyans tankou Plant Trivia oswa Weather Bingo, ki ka pote amizman ak kontni syans lakay ou avèk èd yon enstriktè syans UA. Patnè UA nou yo tou gen resous sou entènèt anplis tankou kamera animal andirèk nan Bronx Zoo, New York Aquarium ak Staten Island Zoo. Tcheke sit wèb UA a <https://www.urbanadvantagenyc.org/ua-remote-learning/>. YouTube ak medya sosyal pou jwenn evènman andirèk, vizit vityèl ak lòt zouti dijital pou ede avèk aprantisaj adistans. Anplis, koupon UA Student+3 pral disponib nan yon kantite limite, pou vizit AN-PÈSÒN ! Tcheke avèk pwofesè syans UA pitit ou a, oswa kowòdonatè paran an, pou plis enfòmasyon ak jan pou jwenn koupon pou vizit anpèsòn.

Avèk rechèch ak prensip ki soti nan ajans lokal, eta ak federal, enstitisyon syans UA nou an kreye pwosedi sekirite ak modife espas pou fanmi ka amize yo an sekirite nan lokal nou yo avèk koupon Student+3 a. Ou ka wè lè yo ouvri kounye a, ansanm avèk enfòmasyon pou rezèvasyon, pou chak lokal nan paj 4-7 gid sa a.



Ki kote nou ka vizite? Ki bò yo ye?

Lokal uit enstitisyon k ap kolabore avèk Urban Advantage nan tout senk Borough yo; yo se American Museum of Natural History, Bronx Zoo, Brooklyn Botanic Garden, New York Aquarium, New York Botanical Garden, New York Hall of Science, Queens Botanical Garden, ak Staten Island Zoo. Nan ti liv sa a, w ap jwenn detay sou lè, kontak ak sou admision, ak enfòmasyon enpòtan anplis pou chak enstitisyon.

Ki tip bagay patnè UA nou yo ofri?

Enstitisyon kiltirèl renome mondal Nouyòk yo se bon kote pou vizite, amize w ak fè aktivite syans. Paegzanp:

- Grenpe yon kokenn twal areye 3-D oswa glise nan glisyè nan lakou syans lan nan New York Hall of Science pou eksploré syans fizik.
- Fè yon "vizit ekolojik" mond lan nan konsèvatwa New York Botanical Garden, oswa dekouvri forè ansyen yo nan 250 acre tè.
- Nan Staten Island Zoo, eksploré divèsite reptil ak anfibyen ki genyen nan Seksyon Reptil la oswa fè yon pwomnad atravè Forè twopikal la pou obsève makak, chòvsouri ak zwazo. Apresye baskou a epi bay bêt manje!
- Kòman nouvo *Sant vizitè ak administrasyon* ki fèt pou pwoteje anviwònman an "green" nan Queens Botanical Garden itilize 40% mwens enèji ak 80% mwens dlo pase bilding tradisyonèl ki menm gwo sèt avèk li? Vizite QBG pou jwenn repons sa a ak lòt ankò.
- Tcheke American Museum of Natural History si pitit ou a renmen wòch ak planèt oswa si li vle wè kisa ki nouvo nan lespas.
- Amize w avèk koleksyon espesyal ki nan Brooklyn Botanic Garden, soti nan ti pyebwa bonsai rive nan gwo pyebwa erab, oswa vizite divès abita nan Steinhardt Conservatory.
- Vizite pi gwo zoo ki nan Amerika epi rive tou pre plis pase 600 espès sou latè ki nan Bronx Zoo. Rankontre bêt, zwazo, reptil, ensèk ak lòt bêt ankò.

Plonje fanmi w nan syans marin kote w ap wè pwason divès bèl koulè, pengwen k ap danse, gwo mòs ak plis ankò nan New York Aquarium. Asire w tou ou tcheke nouvo Ocean Wonders: Reken! Eksposizyon.

Epi sa se twòkèt la. Kèlkeswa kote ou ale a, gen garanti ke fanmi w ap jwenn festival, aktivite ak pwogram espesyal, ak yon pakèt bagay pou gade ak pou wè.

Ale sou sitwèb UA a nan www.urbanadvantagenyc.org epi klike sou seksyon 'Plan Your Trip' la pou enfòmasyon konsènan pwogram ak evènman espesyal!

Konbyen lokal nou ka vizite?

Yo mete de (2) koupon Student+3 pou admision gratis disponib sou entènèt pou elèv UA pou yo gen aksè nan mize, zou, jaden botanik, ak akwaryòm k ap patisipe yo. Chak koupon yo valab pou elèv la ak jiska 3 envite. Youn nan envite yo dwe se yon adilt. Pwofesè oswa kowòdonatè paran pitit ou pral ede w jwenn koupon sa yo, epi ka ede w òganize yon vizit.

Kisa yon pwomnad lekòl kominote ye?

Lekòl Urban Advantage yo ka òganize pwomnad lekòl kominote nan youn nan enstitisyon yo pandan wiken oswa jou ki pa gen lekòl. Yo bay transpò ak antre gratis. Tanpri sonje vwayaj kominote lekòl anpèsòn pa pral disponib pandan ane lekòl 2020-2021 an, epi pral pase nan yon fòma sou entènèt. Tanpri mande pwofesè syans pitit ou a oswa kowòdonatè paran li pou plis enfòmasyon.

Èske enstitisyon yo ka ede pitit mwen an avèk rechèch syans?

Wi! Elèv ka ale sou sitwèb UA www.urbanadvantagenyc.org epi klike sou antèt "Do Science" pou jwenn yon link pou fòm imèl Student Help

Kijan mwen ka ede nan edikasyon syans pitit mwen an?

Lakay:

- Ankouraje pitit ou pou obsève, poze kesyon ak fè plis eksperyans sou sa yo konprann nan syans. Pèmèt pitit ou plis opòtinite pou aprann syans lakay li ak nan kominote a atravè aktivite deyò, pwomnad nan pak, mize zoo ak akwaryòm, jaden, sant nati, ak lòt kote ki plen avèk aktivite syans nan kominote w la.
- Planifye vizit nan enstitisyon Urban Advantage dapre sa pitit ou a renmen, kiryozite l oswa bezwen l pou kolekte done oswa enfòmasyon pou rechèch syans a li.
- Mennen pitit ou a nan biblyotèk pou l li ak pou l fè rechèch sou syans. Liv, jounal ak magazin, tankou National Wildlife oswa Natural History, se bon sous enfòmasyon.

Tounen yon patnè nan edikasyon pitit ou:

- Kominike avèk pitit ou ak pwofesè li regilyèman.
- Patisipe avèk pitit ou a nan reyinyon ak aktivite vityèl.
- Patisipe nan jounen pòt ouvèt (Open house) sou entènèt ak sware syans fanmi. Tcheke avèk pwofesè syans ak kowòdonatè paran pitit ou konsènan opòtinite pou ranfòsman ak angajman adistans.

Kijan Urban Advantage ka ede?

- Itilize koupon pou elèv ak fanmi pou vizit GRATIS yo nan nenpòt de nan enstitisyon UA yo. Si w gen nenpòt kesyon, pale avèk pwofesè syans pitit ou a.
- Mande pwofesè syans oswa kowòdonatè paran lekòl pitit ou a sou pwomnad UA vityèl gratis, koutwazi patnè mize nou yo, zoo, mize, akwaryòm oswa jaden botanik. Ale sou sitwèb UA a www.urbanadvantagenyc.org pou jwenn plis enfòmasyon sou rechèch syantifik alontèm ak pou ka konnen pwogram ak ekspozisyon ki gen nan uit enstitisyon patnè Urban Advantage yo.
- Èd pou rechèch syans endividyle disponib pa imèl: Ale sou sitwèb UA www.urbanadvantagenyc.org epi klike sou antèt "Do Science" pou jwenn yon link pou fòm imèl Student Help

Kòman mwen ka jwenn enfòmasyon sou jan mwen ka planifye vizit Urban Advantage yo?

American Museum of Natural History

amnh.org

Telefòn: 212-769-5100

Lè : Mèkredi pou rive Dimanch apati 10:00 a.m. – 5:30 p.m., fèmen jou Thanksgiving ak jou Nwèl.
Gade [https:// www.amnh.org/plan-your-visit](http://www.amnh.org/plan-your-visit) pou enfòmasyon sou admisyon.

Enfòmasyon sou koupon: Koupon yo valab pou admisyon jeneral plis yon ekspozisyon espesyal. Ale sou sit wèb AMNH pou wè tout ekspozisyon ki disponib. Tikè ki rezève obligatwa.

Èd pou elèv: Ale sou sitwèb UA www.urbanadvantagenyc.org epi klike sou antèt "Do Science" pou jwenn yon link fòm pou fòm imèl Student Help



Brooklyn Botanic Garden

bbg.org

Telefòn: 718-623-7200

Lè : Mas–Oktòb Madi–Dimanch 10am-6pm

Tcheke <https://www.bbg.org/visit> pou enfòmasyon sou jan pou rezève lè antre w.

Enfòmasyon sou koupon: Tanpri tcheke www.bbg.org pou enfòmasyon sou koleksyon plant, espesyalite sezón, ak [pwogram ak ekspozisyon espesyal nou yo](#), tankou Festival Chile Pepper nou an nan sezón otòn lan ak Sakura Matsuri, Cherry Blossom Festival nou yo nan prentan an.

Èd pou elèv: Ale sou sitwèb UA www.urbanadvantagenyc.org epi klike sou antèt “Do Science” pou jwenn yon link pou fòm imèl Student Help la.



Bronx Zoo

bronxzoo.com

Telefòn: 718-220-5100

Lè : Ouvè chak jou apati 10:00-5:00

Ale sou <https://tickets.wcs.org/affiliate?vid=5&vs=1> pou rezève tikè atan pou Bronx Zoo nan itilize Koupon UA ou. Ou pral bezwen nimewo koupon w ak non lekòl ou pou rezève tikè yo (mande pwofesè syans oswa kowòdonatè paran an pou èd).

Zoo a fèmen jou Thanksgiving, Nwèl, Joudlan ak jou selebrasyon Martin Luther King Jr.

Enfòmasyon sou koupon: Koupon yo valab pou yon elèv UA ak pou jiska 3 lòt moun, plis admision pou youn nan ekspozisyon peye sa yo: Jungle World (tout ane a), Wild Asia Monorail (Mas-Oktòb), Butterfly Garden (Avril-Oktòb), oswa Congo Gorilla Forest (Avril-Desanm). Frè parking pa ladan I.

Èd pou elèv: Ale sou sit wèb UA

www.urbanadvantagenyc.org epi klike sou “Do Science” antèt pou yon link fòm imèl pou Èd pou elèv.





Julie Larsen Maher ©WCS

New York Aquarium

nyaquarium.com

Telefòn: 718-265-FISH (3474)

Lè : Ouvri chak jou a 10:00 a.m. Lè yo fèmen an varye dapre sezon an.

Enfòmasyon sou koupon: Ale sou

<https://tickets.wcs.org/affiliate?vid=5&vs=1 to reserve>

lè tikè tikè w la pou NY Aquarium avèk koupon UA w. Ou pral bezwen nimewo koupon w ak non lekòl ou pou rezève tikè yo (mande pwofesè syans oswa kowòdonatè paran an pou èd).

Èd pou elèv: Ale sou sitwèb UA a

www.urbanadvantagenyc.org epi klike sou antèt "Do Science" pou jwenn yon link fòm pou fòm imèl Student Help la.

New York Botanical Garden nybg.org

Telefòn: 718-817-8700

Lè : The Garden ap ouvri apati 10 a.m.–5 p.m., Madi pou rive Dimanch, ak Lendi konje federal yo (Lendi kote lekòl fèmen tankou Memorial Day, Columbus Day, etc.).

Klike pou wè konje federal yo pou 2021.

Enfòmasyon sou koupon: Ou ka vizite Garden lan pou reklame koupon w lan nan admissions/ticketing.

Rezèvasyon pa obligatwa.

Èd pou elèv: Ale sou sitwèb UA

www.urbanadvantagenyc.org epi klike sou antèt "Do Science" pou jwenn yon link pou fòm imèl Èd elèv la.





New York Hall of Science

nysci.org

Telefòn: 718-699-0005

Lè : Fèmen jiska nouvèl òd, tcheke
[https://nysci.org/](http://nysci.org/) for updates.

Enfòmasyon sou koupon: NYSCI pral pataje plis enfòmasyon sou eksposizyon espesyal yo pou l ap travay pou reouvre. Ale sou sitwèb la pou mizajou, oswa tcheke avèk pwofesè syans UA oswa kowòdonatè paran elèv ou a.

Èd pou elèv:

Ale sou sitwèb UA www.urbanadvantagenyc.org ak klike sou

“Do Science” antèt pou yon link fòm imèl pou Èd pou elèv.

Queens Botanical Garden

queensbotanical.org

Telefòn: 718-886-3800

Lè : Pou dènye enfòmasyon ale sou
https://queensbotanical.org/hours_admission/.

Enfòmasyon sou koupon: Yo egzije koupon pou rantre ant 1ye avril ak 1ye oktòb epi ou ta dwe prezante yo nan antre Main Street la oswa nan antre ki sou Parking Garden lan. Antre ki bay sou jaden an gratis ant 1ye novanm ak 30 mas men koupon yo valab pou kèk evènman espesyal. NEW! Eksperyans vityèl ak anpèsòn disponib avèk koupon an.

Èd pou elèv: Ale sou sitwèb UA
www.urbanadvantagenyc.org ak klike sou

antèt “Do Science” pou jwenn yon lyen fòm imèl pou Èd pou elèv.



Staten Island Zoo

statenislandzoo.org

Telefòn: 718-442-3101

Lè : Chak jou, 10:00 a.m. – 4:45 p.m.
Sèlman espas deyò ouvri kounye a.

Enfòmasyon sou koupon: Yo dwe rezève tikè atan la a:

<https://statenislandzoo.doubleknot.com/event/day/timed-ticketing/23842>. Antre kòd rabè an UAS+3 lè w ap tcheke pou reklame koupon w. Ou pral bezwen pou pote koupon w nan zoo an jou vizit ou an.

Pou enfòmasyon sou sa a pou atann lè w ale sou sit la, ale nan: <http://www.statenislandzoo.org/what-to-expect/> **Student Help:** Ale sou Sit wèb UA a www.urbanadvantagenyc.org epi klike sou click on the antèt Envestigasyon Syans pou yon link pou fòm imèl Èd pou elèv la.

Urban Advantage Partners



NYBG



The Council of the
City of New York